



**SANT LISANS DEPATMAN
PWOTEKSYON KONSOMATÈ AK
TRAVAYÈ VIL NEW YORK
(DEPARTMENT OF CONSUMER AND
WORKER PROTECTION, DCWP)**
42 Broadway, Lobby
New York, NY 10004

**Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:**

Lendi-jedi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

SANT SIPÒ TI BIZNIS NAN NYC
90-27 Sutphin Blvd, 4th Floor
Jamaica, NY 11435

**Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:**

Madi, jedi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

ALÈT COVID-19

Pou rezon tankou lasante oswa sekirite, Sant Lisans DCWP an ansanm ak Sant Sipò pou Ti Biznis nan Vil New York pa ka bay sèvis pou kliyan san randevou yo, men ou kapab planifie yon randevou pou remèt aplikasyon lisans ou an fas-a-fas. Gade nan seksyon **Pwosesis pou Depoze Aplikasyon** an.

Remak: Paske sèvis fas-a-fas lan limite, nou ankouraje ou pou ou itilize sèvis anliy nou an ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan nyc.gov/BusinessToolbox.

Lis Verifikasyon pou Aplikasyon Lisans: Aparèy Lesiv Endistriyèl

Kiyès ki dwe Genyen yon Lisans pou Aparèy Lesiv Endistriyèl?

Yon biznis dwe Genyen yon Lisans pou Aparèy Lesiv Endistriyèl si sèlman si:

- Li bay sèvis blanchisri bay kliyan sektè prive yo, tankou otèl yo, lopital yo, restoran yo, klèb espò yo, ak lesiv detayan yo. OSWA
- Jere oswa bay sant sèvis blanchisri pa rapò ak nenpòt etablisman komèsyal, tankou yon otèl, restoran, oswa klèb espò.

"Sèvis blanchisri" vle di fè lesiv, seche, mete lanmidon, oswa repase pou yon frè. "Sèvis blanchisri yo" pa gen sèvis près ladan li.

Sa yo PA bezwen yon lisans pou Aparèy Lesiv Endistriyèl:

- Sal lesi nan tout lopital AK
- Sal lesiv nan tout kay kote se sèlman pwopriyetè yo, lokatè yo, oswa moun ki nan kay yo k ap itilize li

Deskripsyon sila a se yon eksplikasyon jeneral kiyès ki dwe gen yon Lisans pou Aparèy Lesiv Endistriyèl.

Ale nan lòt paj lan pou Jwenn Lis Rapid Kondisyon ki Obligatwa yo pou Aplike pou yon Lisans Endistriyèl.

Lis Rapid Kondisyon ki Obligatwa pou Aplike pou yon lisans Aparèy Lesiv Endistriyèl
Ale nan seksyon Kondisyon (Egzijans) yo pou ou jwenn eksplikasyon ak plis detay. Fè si ou respekte tout kondisyon (egzijans) yo; sinon, aplikasyon w lan p ap konplè. DCWP ka aksepte sèlman aplikasyon ki konplè yo sèlman pou li ka bay lisans.

- Aplikasyon Debaz pou Lisans
- Oto-sètifikasyon pou Aparèy Lesiv Endistriyèl (*Pwopriyetè a ki pou ranpli li*)
- Nimewo Idantifikasiyon Pou Taks sou Lavant OSWA Nimewo Konfirmasyon Aplikasyon
- Kopi Kontra Garanti (oswa Garanti yon Lòt Moun), siyen jan sa dwe fèt la
- Asirans Aksidan nan Travay
- Asirans Avantaj pou Andikap
- Asirans Responsabilite Sivil Biznis
- Lòt Avi Garanti
- Sètifikasi Notarye Koutye a oswa Ajan an bay
- Otorite pou Aji - Atestasyon (*si sa aplikab*)
- Frè pou Lisans

Lè w ap soumèt aplikasyon w lan sa pa vle di lisans ou an apwouve otomatikman.

Pwosesis pou Depoze Aplikasyon



Ale sou www.nyc.gov/BusinessToolbox pou soumèt aplikasyon an anliy lè w ap itilize yon laptop oswa yon òdinatè sèlman.

OSWA



Planifye yon randevou pou ranpli li fas-a-fas nan Sant Lisans DCWP an oswa nan Sant Sipò pou Ti Biznis nan NYC (adrès yo nan paj 1 an).

Atravè imèl: LicensingAppointments@dca.nyc.gov

Atravè Telefòn*: Rele nan (212) 436-0441.
 (Lendi pou Vandredi, 8 a.m. jiska 4 p.m.)

*Nimewo sa a se pou pran yon randevou pou sèvis fas-a-fas sèlman. Pou tout kalite kesyon ekri nan imèl sa onlineappsdocs@dca.nyc.gov.

Sèvis Entèpretasyon Gratis Anliy yo disponib sou plas. Pou fè yon demann aranjman ki gen pou wè ak andikap tanpri ekri yon imèl bay Kowòdinatè Lwa pou Ameriken ki Andikape yo pou DCWP (ADA oswa Americans with Disabilities Act) la nan humancapital@dca.nyc.gov oswa vizite nyc.gov/dcwp epi chèche "aranjman".

Mesaj Enpòtan sou Sètifikasi Biznis

Ou dwe gen yon Sètifikasi Biznis ki aplikab ki baze sou estrikti jiridik biznis ou an. Menm si DCWP pa egzije w soumèt yon Sètifikasi Biznis nan objektif pou kontinye pwosesis aplikasyon w lan, DCWP ka mande w dokiman sila a dapre Seksyon 20-104 nan Règleman Administratif Vil New York la.

Pwopriyetè endepandan ki ap fonksyone ak yon non ki diferan ak pa w la dwe gen yon Sètifikasi Biznis/Non Komèsyal.

Patenarya yo dwe gen yon Sètifikasi Patenarya epi, si sa aplikab, yon Sètifikasi Non Komèsyal pou biznis ou an.

Sosyete yo, Sosyete Non Kolektif yo, Konpayi Ak Responsabilite Limite yo, Patenarya Ak Responsabilite Limite yo dwe anrejistre epi rete aktif nan Depatman Antrepriz Eta New York (New York State Division of Corporations). Ou kapab tcheke nan ki pwen aplikasyon ou rive nan www.dos.ny.gov/corps.

Kondisyon (Egzijans)

DCWP p ap aksepte aplikasyon w lan si ou pa remèt dokiman ak enfòmasyon yo mande yo:

- **Aplikasyon Debaz pou Lisans** (attachman).
- **Oto-sètifikasyon pou Aparèy Lesiv Endistriyèl** (attachman).
Pwopriyetè a (pa egzanp, patnè jeneral, direktè, dirijan konpayi a, manm, oswa aksyonè ki gen 10% nan aksyon konpayi a) dwe ranpli fòm Oto-sètifikasyon an. Sonje: Si bizinis ou an pral bay sèvis Livrezon Aparèy Lesiv Endistriyèl, ou dwe ranpli seksyon Enfòmasyon sou Machin ak Livrezon ki nan fòm Oto-sètifikasyon an.
- **Nimewo Idantifikasyon Pou Taks sou Lavant OSWA Nimewo Konfirmasyon Aplikasyon.**
Pou ou ka aplike pou yon sètifikasi Otorizasyon nan objektif pou jwenn Taks sou Lavant yo, ale sou www.businessexpress.ny.gov.
- **Kopi Kontra Garanti (oswa Garanti on Lòt Moun), siyen jan sa dwe fèt la.**
Obligasyon an dwe:
 - Deziyen Vil New York lan antanke Benefisyè. EPI
 - Gen menm non konpayi a, non Doing-Business-As (DBA)(si genyen), ansam ak adrès batiman lan menm lan nan aplikasyon lisans lan. EPI
 - Kouvri peryòd lisans lan.
 - Chita nan kantite ki piba a, selon kantite anplwaye biznis ou an genyen.
 - 0 jiska 25 anplwaye: \$500
 - 26 jiska 50 anplwaye: \$1 500
 - 51 jiska 75 anplwaye: \$2 500
 - 76 jiska 125 anplwaye: \$3 000
 - 126 oswa plis anplwaye: \$5 000

Yon lis konpayi rekouvreman yo disponib nan nyc.gov/dcwp. Rechèch "konpayi kolèk dèt" yo. Lis ki sou sitwèb DCWP a pa detaye, epi DCWP an pa apwouve oswa rekòmande okenn konpayi kolèk dèt an patikilye.

- **Asirans Aksidan nan Travay[†].**

Bay yon kopi YOUN nan dokiman sa yo antanke prèv asirans aksidan nan travay:

- C-105.2 – Sètifika Asirans Aksidan nan Travay OSWA
- U-26.3 – Sètifika Asirans aksidan nan Travay nan Fon Asirans Leta OSWA
- SI-12 – Sètifika Oto-asirans Aksidan nan Travay OSWA
GSI-105.2 – Sètifika Patisipasyon nan Oto-asirans Koletif kont Aksidan Travay Eta New York lan OSWA
- Fòm ekivalan oswa ki vin apre Komite Aksidan nan Travay Eta New York itilize

Si lalwa pa ba w dwa pou jere asirans aksidan nan travay, ou dwe soumèt fòm CE-200 - Sètifika Deklarasyon Egzanpsyon.

- **Asirans Avantaj pou Andikap[†].**

Bay yon kopi YOUN nan dokiman sa yo antanke prèv asirans avantaj pou andikap:

- DB-120.1 – Sètifika Pwoteksyon Asirans anba Lwa sou Avantaj pou Andikap Eta New York lan OSWA
- Fòm ekivalan oswa ki vin apre Komite Aksidan nan Travay Eta New York itilize

Si lalwa pa ba w dwa pou jere asirans avantaj pou andikap, ou dwe soumèt fòm CE-200 - Sètifika Deklarasyon Egzanpsyon.

- **Asirans Responsabilite Sivil Biznis[†].**

Remak:

- Sètifika Asirans ou an dwe deziyen Vil New York lan antanke benefisyè sètifika
- Yon koutye dwe siyen Sètifika Asirans ou an epi enimere Nimewo Asosyasyon Nasyonal Asirans (National Association of Insurance Commissioners, NAIC).
- Adrès bizinis ou dwe menm lan nan tout dokiman yo.
- Yo dwe mete Vil New York lan antanke "Etablisman Afilye Siplemantè" nan kazyé deskripsyon an.
- Asirans dwe gen Pibon Nòt A.M lan (www.ambest.com) pi gran pase A- / "VII" oswa yon nòt Standard & Poor omwen A.
- Politik lan dwe bay pwoteksyon asirans ki omwen konplè tankou Fòm CG 0001 edisyon ki pibliye dènyèman nan Sèvis Asirans (ISO), yo dwe baze sou "ensidan", epi ki gen kantite lajan sa yo minimòm:
 - \$1 000 000 pou chak ka
 - \$2 000 000 total

- **Lòt Avi Garanti[†].**

Remak:

- DCWP aksepte Lòt Avi Garanti sa yo:
 - ISO Form CG 20 26
 - ISO Form CG 20 12
 - Fòm Yon akò ki bay pwoteksyon asirans omwen ki konplè menm jan ak edisyon ISO Form CG 20 26 oswa CG 20 12 ki pi resan an
- Si w ap bay yon akò Lòt Asirans Garanti Planifye ki enimere non asirans adisyonèl la (pa egzanp, ISO Fòm CG 20 26 oswa CG 20 12), akò a dwe gen ladan li youn nan fraz sa yo:
 - "Vil New York, tankou dirijan ak anplwaye li yo" OSWA
 - "Vil New York, ansanm ak dirijan epi anplwaye li yo".
- Si w ap bay yon Akò Asirans Konplemantè Jeneral oswa yon Akò Asirans Otomatik Siplemantè, verifye kouvèti asirans sa a omwen konplè tankou edisyon ki pi resan nan Fòm ISO CG 20 26 oswa CG 20 12 anvan ou soumèt fòm lan.

†Enpòtan: Ou dwe avèti DCWP nan 14 jou si politik asirans ou an te anile, ekspire oswa kanpe pou nenpòt rezon. Avètisman an dwe fèt alekri epi soumè li an pèsòn OSWA pa lapòs nan Sant Lisans DCWP oswa Sant Sipò ti Biznis NYC (adrès yo nan paj 1 an).

- **Sètifikasi Notarye Koutye a oswa Ajan an bay** (attachman).

Koutye oswa jan asirans ou an dwe ranpli Sètifikasi a.

- **Otorite pou Aji - Atestasyon** (attachman).

Obligatwa si yon lòt moun olye moun ki fè demann lisans lan dwe prepare epi soumèt aplikasyon sa a.

Remak: Aplikan an dwe siyen aplikasyon lisans lan ansanm ak tout lòt fòm ki gen rapò yo.

- **Frè pou Lisans.**

Gade nan pwochen paj la.

Lisans Aparèy Lesiv Endistriyèl

Tèm Lisans: 2 lane

Dat Ekspirasyon Lisans lan: 31 desanm, Ane enpè

| Si ou Depoze Aplikasyon Ou an Nan Dat Sa Yo: | Yo Defini Frè pou Lisans ou an selon kantite anplwaye a: | | | | | | | |
|--|--|-------------------------|-------------------------|---------------------------|---------------------------|---------------------------|---------------------------|---------------------------|
| | 0-5 A | 6-10 B | 11-25 C | 26-50 D | 51-75 E | 76-100 F | 101-125 G | 126+ H |
| Apati 1ye janvye nan yon ane pè jiska 30 jen nan yon ane pè | \$340 | \$490 | \$740 | \$1 240 | \$1 740 | \$1 990 | \$2 240 | \$2 740 |
| Apati 1ye jiye nan yon ane pè jiska 31 desanm nan yon ane pè | \$255 | \$368 | \$555 | \$930 | \$1 305 | \$1 493 | \$1 680 | \$2 055 |
| Apati 1ye janvye nan yon ane enpè jiska 30 jen nan yon ane enpè | \$170 | \$245 | \$370 | \$620 | \$870 | \$995 | \$1 120 | \$1 370 |
| Apati 1ye jiye nan yon ane enpè jiska 31 desanm nan yon ane enpè | \$85 OSWA *\$425 | \$122 OSWA *\$612 | \$185 OSWA *\$925 | \$310 OSWA *\$1 550 | \$435 OSWA *\$2 175 | \$497 OSWA *\$2 487 | \$560 OSWA *\$2 800 | \$685 OSWA *\$3 425 |

*Si w aplike nan sis (6) mwa ki rete pou lisans ou an ekspire, ou kapab peye frè pwopòsyonèl ki rete nan tèm lisans lan epitou peye frè konplè pou renouvèlman lisans lan pou lòt tèm lan. Si w peye toude frè yo, ou p ap gen bezwen pou w renouvele lisans lan jiska fen lòt peryòd lan.

Peye avèk:

- Chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP. (*Fas-a-fas*)
- Kat Kredi (Visa, MasterCard, American Express, Discover Card sèlman). Ou dwe peye yon Frè Dosye yo p ap Ranbouse ou. (*Fas-a-fas oswa anly*)

Resous Anplis pu Aparèy Lesiv Endistriyèl yo

- Pou konnen lwa ak règ ki kapab aji sou biznis ou an, al gade nan nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou **Lis Verifikasyon Enspeksyon: Sèvis Lesiv**, al gade nan nyc.gov/BusinessToolbox.
- Pou jwenn enfòmasyon ki pou ede biznis ou an louvri, fonksyone ak grandi, al gade nan nyc.gov/business.